



Pou Piblikasyon Imedya: 30/06/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL OFRI KONSÈY SEKIRITE POU FÈT 4 JIYÈ K AP VINI AN

Efò plizyè ajans yo pou raple Nouyòkè yo sou danje fedatifis yo avèk blesi yo k ap ogmante

Biwo Prevansyon ak Kontwòl Dife Eta a nan Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis Ijans yo rekòmande pou priyorize sekirite ensandi si y ap manipile bagèt etensèl legal yo; Ajans lan rekòmande Nouyòkè yo patisipe nan fedatifis piblik yo pou evite blesi oswa ensandi endezirab

Divizyon Pwoteksyon Konsomatè ak Depatman Sante Eta New York nan Depatman Deta New York la rekòmande konsèy sekirite sou manje ak dlo

Gouvènè Kathy Hochul raple Nouyòkè yo jodi a ke wikenn 4 jiyè a anjeneral gen yon ogmantasyon nan bagèt etensèl yo ak blesi ki gen rapò ak fedatifis. Maladi ki soti nan manje ak aksidan dlo yo pi kouran tou pandan peryòd fèt la. Twa ajans eta yo ofri ekspètiz yo pou raple danje ki genyen ak founi yon moman ki pi an sekirite ak pi agreyab pou tout moun.

"4 jiyè se yon moman espesyal pou rasanble epi pase tan ak moun ou renmen yo ak zanmi ou yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Pandan n ap selebre Jou Endependans lan, mwen ankouraje tout moun pou yo swiv konsèy sa yo epi pou yo jwi wikenn fèt la. Tanpri rete an sekirite kont bagay ki ka evite: rete lwen fedatifis danjere, pran prekosyon bò kote dlo epi pa kite anpwazònman manje gate wikenn ou".

Divizyon Pwoteksyon Konsomatè (Division of Consumer Protection, DCP) nan Depatman Deta (Department of State, DOS) New York la, ansanm ak Biwo Prevansyon ak Kontwòl Ensandi (Office of Fire Prevention and Control, OFPC), Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis Ijans (Division of Homeland Security and Emergency Services, DHSES), ansanm ak Depatman Sante (Department of Health, DOH) Eta New York la ap raple Nouyòkè yo pou yo rete an sekirite pandan y ap selebre Jou Endependans lan. Chak ane, plizyè milye moun — pi fò nan yo se timoun, adolesan ak jèn adilt — blese pandan y ap itilize fedatifis ak bagèt etensèl, epi pifò nan blesi sa yo rive nan semèn ki toupre 4 jiyè yo. Nan tout peyi Etazini, omwen 11 moun te mouri nan ensidan ki te enplike fedatifis an 2022, ak yon estimasyon 10,200 moun te blese, kote majorite ladan yo - 73 pousan - te fèt pandan semèn anvan ak apre fèt 4 jiyè a. Yon rapò 2021 ki soti

nan [Komisyon Sekirite Pwodwi Konsomatè Etazini](#) (Consumer Product Safety Commission, CPSC) montre yon ogmantasyon 25 pousan nan blesi ki gen rapò ak fedatifis ant 2006 ak 2021.

Nan Eta New York an 2021, te gen 199 vizit pou blesi ki gen rapò ak fedatifis ke sèvis ijans lan te rapòte, ak 142 nan vizit sa yo te rapòte ant 18 jen ak 18 jiyè. Anplis de sa, 24 pousan nan vizit yo pandan peryòd tan sa a te fèt pa pasyan ki gen 18 ane oswa mwens. Blesi timoun ak granmoun gen ladan domaj nan je ak zòrèy, boule, blesi fon ak sikatris pèmanan.

Kòz komen blesi ki gen rapò ak fedatifis yo se:

- Yon peta a mèch rapid eksploze anvan yo rive lanse l.
- Yon wòkèt pèdi frappe yon pasan.
- Yon jèn kirye ale chèche konnen poukisa yon peta "pa" eksploze.

Pandan ke evite itilizasyon fedatifis ilegal se pi bon fason pou anpeche blesi, Depatman an rekòmande tou pou pran prekosyon senp pandan y ap gade fedatifis pwofesyonèl, tankou sèvi ak tanpon pou zòrèy pou pwoteje tande, kenbe yon distans sekirite pa rapò ak sit lansman an, epi kite bèt yo anndan kay. Si bèt ou a nève alantou fedatifis nan kay la, tanpri konsilte veterinè ou pou konnen fason pou pwoteje li ak rekonfòte li.

FE DATIFIS - KISA KI LEGAL AK KISA KI PA LEGAL NAN ETA NEW YORK:

Kisa ki legal:

- Lavant bagèt etensèl vandè yo anrejistre yo soti 1 jen jiska 5 jiyè chak ane. Bagèt etensèl legal yo se bagèt etensèl atè oswa pòtatif ki pwodwi yon pakèt etensèl dife ki kolore oswa yon flanm dife ki kolore, bri pètpèt ke ou ka tande oswa bri sifle ak lafimen. Yo pa lanse yo nan lè.
- Itilizatè yo dwe gen 18 ane oswa plis pou yo sèvi ak bagèt etensèl yo.

Kisa ki pa legal:

- Posesyon ak itilizasyon bagèt etensèl nan vil ki gen plis pase yon milyon moun epi kote lalwa lokal entèdi sa. Sa enkli Vil New York ak konte sa yo: Albany, Bronx, Columbia, Erie, Kings, Nassau, New York, Orange (entèdi nan vil Middletown ak Newburgh sèlman), Queens, Richmond, Schenectady, Suffolk, Warren ak Westchester. Lis konte ki entèdi lavant ak posesyon bagèt etensèl toujou ap chanje; pou konfòmite, tanpri tcheke avèk biwo cherif konte lokal ou a.
- Tout lòt modèl fedatifis yo ki enkli peta, fize nan boutèy, bouji womèn yo, woulèt ak aparèy ayeryèn yo, rete ilegal atravè eta a.

DCP ak OFPC te ofri konsèy pou Nouyòkè ki planifye pou itilize bagèt etensèl pandan semèn k ap vini an nan selebrasyon fèt kat jiyè a:

- Timoun ak pidetwal se yon konbinezon danjere. Pa janm kite timoun piti yo jwe ak oswa limen pidetwal. Pidetwal boule nan tanperati anviwon 2,000 degre Fahrenheit. Sa a ase cho pou fonn kèk metal.
- Pa janm voye oswa pwente bagèt etensèl nan direksyon moun, bèt, machin, estrikti oswa materyèl ki ka pran dife. Toujou swiv enstriksyon ki sou pake a.
- Toujou gen dlo toupres w kòm prekosyon oswa kenbe yon ekstenktè dife ki apwouve tou pre w pandan yon demonstrasyon.
- Asire w ke moun k ap limen bagèt etensèl la toujou mete pwoteksyon pou je.
- Limen yon sèl bagèt etensèl nan yon moman epi pa janm eseye re-limen "youn ki pa pran".
- Toujou itilize bagèt etensèl yo deyò. Pa janm limen pidetwal yo anndan.
- Sere bagèt etensèl yo nan yon kote ki fre, sèk lwen timoun ak bèt.
- Si ou sou, pa sèvi ak bagèt etensèl yo.
- Toujou mete pwoteksyon pou je lè w ap itilize bagèt etensèl yo
- Achte bagèt etensèl ak materyèl fantezi yo nan men machann ki anrejistre nan Eta New York yo sèlman

Lavant bagèt etensèl yo nan men machann pèmanan sètifye ak espesyalis yo kapab fèt sèlman pandan ane a soti 1 jen rive 5 jiyè ak 26 desanm rive 2 janvye. Lavant bagèt etensèl yo nan kyòsk oswa tant sètifye tanporè kapab fèt sèlman soti 20 jen rive 5 jiyè ak 26 desanm rive 2 janvye.

Yon lis machann bagèt etensèl ki anrejistre yo ap parèt [isit la](#).

OFPC ankouraje paran ak responsab yo tou pou yo bay timoun ak adolesan yo altènativ ki p ap pran dife nan plas bagèt etensèl yo, ke yo ka jwenn byen fasil nan pifò magazen ki vann an detay.

Materyèl yo sijere yo gen ladan:

- Bagèt klere
- "Pidetwal" san dife
- Limyè ki kliyote
- Atik LED

Sekretè Deta Eta New York la, Robert J. Rodriguez "Kat jiyè a reyini fanmi yo ak zanmi yo pou selebre epi jwi epòk ete a, men li se tou youn nan fèt ki gen pi gwo kantite aksidan. Lè n ap selebre Jou Endependans ane sa a, nou ankouraje Nouyòkè yo pou yo konprann ki fedatifis pou konsomatè ki legal nan Eta New York ak kijan pou yo itilize yo san danje".

Komisè Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans lan, Jackie Bray, te deklare, "Bagèt etensèl ak fedatifis ilegal lakòz blesi epi kòmanse dife endezirab chak ane. Mete sekirite an premye pandan n ap selebre jou fèt la epi chwazi opsyon ki pi an sekirite ak pi espektakilè a: kite sa pou pwofesyonèl yo epi ale nan fedatifis piblik ki pi pre a".

Administratè Ponpye Eta New York la, James Cable, te deklare, "Pandan Nouyòkè yo pral jwi fèt k ap vini an ak fanmi ak zanmi yo, ajoute fedatifis ak bagèt etensèl nan selebrasyon an ka mennen nan vizit inital nan sal ijans epi ogmante chans pou kòmanse yon dife san kontwòl. Si w ta chwazi sèvi ak bagèt etensèl legal wikenn sa a, nou rekòmande pou w pran prekosyon siplemantè nan priyoreze sekirite dife".

Komisè Sante Eta New York la, Doktè James McDonald, te deklare, "Yon selebrasyon fèt pa ta dwe fini ak yon vwayaj nan sèvis ijans la. Pandan ke li kapab amizan ak enteresan pou fè bri epi gade ekspozisyon kolore ki pwodui nan fedatifis yo, mwen ankouraje tout Nouyòkè yo pou yo fè chwa ki sekirite epi jwi fedatifis piblik pwofesyonèl olye pou yo mete tèt yo, moun yo renmen yo ak zanmi yo, ak kominote yo nan risk avèk fedatifis pèsònèl ilegal".

Depatman Sante Eta New York raple Nouyòkè yo sou sekirite manje ak sekirite dlo pandan sezon ete ak vakans yo.

Sekirite manje se yon eleman kle tou pou asire vakans agreyab ak kèk woutin pwouve pou preparasyon manje ki ka ede anpeche maladi potansyèlman grav oswa menm lanmò. Toujou lave men w apre w fin manyen vyann kri epi anvan w prepare oswa sèvi manje ki pare pou manje. Vyann yo ta dwe kwit nan tanperati apwopriye pou evite maladi ki soti nan mikwòb tankou E-coli ak salmonèl, ki ka prezan nan vyann ki pa byen kwit tankou poul ak anmbègè.

Tanperati cho deyò ka afekte sekirite manje ki ka gate tou. Mete nan frijidè manje ki ka gate nan 2 èdtan. Si manje a ekspoze a tanperati ki pi wo pase 90°F, mete li nan frijidè nan espas 1 èdtan. Konsèy Depatman an sou sekirite manje disponib [isit la](#), epi rekòmandasyon pou sila yo k ap planifye yon babèkyou disponib [isit la](#).

Yon jou nan plaj oswa nan pisin ka yon fason pafè pou jwi ete a ak selebre jou fèt la, osi lontan ke sekirite dlo se yon priyore. Chak ane, plizyè santèn Nouyòkè nwaye oswa yo entène lopital pou blesi grav ki gen rapò ak nwaye. Kèk konsèy pou naje san danje gen ladan pa janm naje poukont ou, sipèvize timoun yo bò kote dlo, evite dwòg ak alkòl pandan w ap naje epi aprann konpetans debaz naje ak sekirite dlo. Nou ka jwenn lòt rekòmandasyon pou sekirite dlo [isit la](#).

Enfòmasyon sou Divizyon Pwoteksyon Konsomatè Eta New York la

Divizyon Pwoteksyon Konsomatè Eta New York la bay konsomatè yo resous ak materyèl edikasyon sou sekirite pwodui a, ansanm ak sèvis medyasyon volontè ant konsomatè yo ak biznis yo. Liy Èd Asistans Konsomatè a 1-800-697-1220 disponib soti lendi rive vandredi depi 8:30am rive 4:30pm, sa pa enkli peryòd Vakans Eta a yo, epi nou kapab depoze plent konsomatè yo nenpòt lè nan www.dos.ny.gov/consumer-protection.

Enfòmasyon sou Biwo Prevansyon ak Kontwòl Ensandi Eta a

Biwo Prevansyon ak Kontwòl Ensandi a bay ponpye yo, sekouris ijans yo, ajans gouvènman lokal ak eta yo, inivèsite piblik ak prive yo, ak sitwayen New York yo yon pakèt sèvis varye. Biwo a fè sekirite piblik la pwogrese atravè pwogram fòmasyon ponpye, edikasyon, prevansyon dife, anketè, pwogram operasyon espesyal ak teknik sovta. Sèvis esansyèl sa yo pèmèt biwo a fè kontribisyon ki enpòtan nan sekirite tout Eta New York.

Enfòmasyon sou Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans

Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans yo bay direksyon, kowòdinasyon ak soutyen nan efò n ap fè pou nou prevni, pwoteje kont, prepare pou, reponn a, epi rekipere apre atak teworis ak lòt katwastwòf natirèl ak katastwòf imèn yo, menas, ensandi ak lòt ijans yo. Pou jwenn plis enfòmasyon, ale sou paj Facebook [DHSES](#) la, swiv [@NYSDHSES](#) sou Twitter ak [Instagram](#), oswa ale sou [dhSES.ny.gov](#).

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)